



## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data, bisa dicindekkeun yén struktur carita anu aya dina *Wawacan Pandita Sawang* nya éta téma, galur, palaku jeung watekna, latar, gaya basa, jeung titik catur. Téma anu kapanggih dina *Wawacan Pandita Sawang* nya éta atikan. Éta téma atikan téh diheureutan dina wangun naséhat atawa piwuruk bagbagan agama Islam, kayaning asal-muasal hirup jeung lahir manusa, ciri-ciri jalma anu balég, aturan nikah, siksa kubur, sakaratul maut, jeung rukun Islam.

Palaku anu kapanggih dina *Wawacan Pandita Sawang* kabagi jadi dua bagian nya éta palaku utama jeung palaku tambahan. Palaku utamana nya éta Pandita Sawang jeung Waruga Alam, sabab boh Pandita Sawang boh Waruga Alam dina ieu wawacan jumlah munculna leuwih loba. Dina ieu carita, tokoh Pandita Sawang jeung Waruga Alam mangrupa tokoh séntral. Lian ti éta Pandita Sawang ogé jadi judul ieu wawacan. Sedengkeun palaku tambahanana nya éta Radén Mar'at jeung garwana Pandita Sawang. Watek para palaku bisa katitén dumasar kana paripolah jeung ucapanana. Watek atawa karakter anu kapanggih dina diri palaku, sakumaha ilaharna manusa. Watek téh raket patalina jeung diri manusa, aya anu alus aya anu goréng. Tapi watek palaku-palaku anu kapanggih dina ieu wawacan nya éta watek anu nuduhkeun alus atawa positif, nya éta aléwoh, hormat, amis budi, jeung daria.

Galur dina *Wawacan Pandita Sawang* nya éta galur mérélé. Pangna disebut galur mérélé, lantaran kajadian-kajadian anu karandapan ku palaku dina éta wawacan caritana ngaguluyur ti awal nepi ka ahir carita.

Latar nu kapanggih dina *Wawacan Pandita Sawang* nya éta latar tempat, latar waktu, jeung latar suasana. Latar tempat lumangsungna kajadian di antarana di Lembur Atas Angin. Latar waktu lumangsungna kajadian nya éta ba'da solat. Dina nangtukeun latar suasana dina ieu wawacan rada hésé, lantaran teu digambarkeun sacara jéntré sarta eusi ieu wawacan téh wangunna tanya jawab. Jadi bisa disebutkeun latar suasanana nya éta daria.

Gaya basa anu dipaké ku pangarang dina *Wawacan Pandita Sawang* nya éta basa anu ngagunakeun istilah-istilah kagamaan atawa disebut tasauf. Lian ti éta, basa anu dipakéna ogé aya anu pacampur jeung basa Indonésia jeung basa Jawa.

Titik catur nya éta kalungguhan pangarang dina jero carita. Dina *Wawacan Pandita Sawang*, pangarang miboga peran salaku jalma katilu nya éta nyicingan peran luareun carita.

Sabada ditafsirkeun dumasar kana hal-hal anu patali jeung kaagamaan, bisa disebutkeun yén anu dipedar dina ieu wawacan téh nerangkeun ajaran agama Islam anu ngawengku asal-muasal hirup jeung lahir manusa ka alam dunya nepi ka éta manusa téh manjing sawawa, pedaran sakaratul maut, siksa kubur, sarta rukun Islam nu ngawengku solat, zakat, puasa. Lian ti éta dina eusina ogé disebutkeun perkara nyiar élmu katut kautamaan-kautamaan dina ngalaksanakeun ibadah. Ayana hubungan anu sipatna vértikal jeung horizontal, nya éta antara

hubungan manusa jeung Pangéranana, bisa disurahan tina ngaran tokoh jeung latar tempat anu aya nya éta Atas Angin jeung Alam Jagat. Éta dua ngaran tempat téh ngawakilan kana dunya luhurna éta Buana Nyungcung (Atas Angin) jeung dunya handap atawa Buana Panca Tengah (Alam Jagat) luyu jeung kosmologi nu aya di Sunda.

Antara ngaran tokoh katut tempat anu dicicinganana nétélakeun ayana hubungan anu raket. Sagala hal aya lalawananana. Aya kahirupan anu sipatna batintah aya ogé kahirupan anu sipatna lahiriah. Ayana kahirupan ahérat moal leupas tina kahirupan dunya, sarta dunya téh ngawengku langit jeung bumi.

Basa anu dipaké dina nepikeun pedaran-pedaranana, nya éta ku cara ngumpamakeun, henteu togmol. Bisa katitén tina “kata kunci” anu disebutkeun dina awal téks wawacan nya éta misil anu hartina conto atawa ibarat.

## 5.2. Saran

Aya sawatara saran anu hayang ditepikeun dina ieu panalungtikan, nya éta:

- a. Naskah-naskah anu aya di masarakat perlu ditalungtik leuwih jero sangkan bisa dimangpaatkeun, eusina kaharti ku saréréa sarta henteu ngan ukur jadi barang “karamat” nu ngan ukur disimpen sarta dibuka dina waktu-waktu anu tangtu.
- b. Perlu ayana tarékah sarta gawé baréng ti masarakat jeung pamaréntah pikeun ngarumat titinggal budaya anu mangrupa naskah wawacan sangkan henteu

leungit, ku cara nerbitkeun naskah-naskah anu geus ditalungtik, sarta nyieun duplikat (*fotocopy*) tina naskah aslina;

- c. Naskah wawacan téh mangrupa warisan budaya anu kacida narik ati pikeun ditalungtik. Ku kituna sangkan wawacan dipiwanoh ku saréréa, carana nya éta dimimitian ku ngawanohkeun ka barudak sakola.
- d. Panalungtikan ngeunaan wawacan dipiharep bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan-panalungtikan nu geus aya, sarta aya mangpaatna pikeun kamekaran basa jeung sastra Sunda. Lian ti éta, bisa digunakeun pikeun ngadeudeul bahan pangajaran aprésiasi sastra sarta pikeun ngajarkeun ngeunaan hal-hal kaagamaan.

